**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of using the educational project in teaching English, the study of advantages and disadvantages of the project work. The author of the article also studies the role of the teacher in using the method of projects in teaching English.

## ОҚЫТЫЎШЫ – ОҚЫЎШЫ – ШАҢАРАҚТЫҢ ӨЗ АРА ҚАРЫМ – ҚАТНАСЫ БОЙЫНША МӘСЛӘҲӘТ БЕРИЎ МАШҚАЛАЛАРЫ

**З.П.Клычева** – *психология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: ўқитувчи, ўқувчи, оила, муносабат, психологик ривожланиш, боғча ёши, кичик мактаб ёши, ўспиринлик даври, психолог, диагностика, маслаҳат.

**Ключевые слова:** учитель, ученик, семья, общение, психологическое развитие, дошкольный возраст, младший школьный возраст, подростковый возраст, психолог, диагностика, консультация.

**Key words:** teacher, pupil, family, communication, psychological development, small garden year, little school year, youth age, psychologist, diagnostics, consultation.

Ҳәр қандай мәмлекет келешеги оның қушағында тәлим-тәрбия алып атырған перзентлеримиздиң раўажланыўы менен белгиленеди. Ғәрезсизлик жылларында республикада миллий тәлим ҳәм тәрбия системасы мәмлекет сиясатының тийкарғы бағдары дәрежесине көтерилди. Бунда тийкарғы ўазыйпа сыпатында "тәжирийбели педагог ҳәм қәнигелерди бирлестирген ҳалда, оқыў реже ҳәм дәстүрлерин түптен қайта көрип шығыў зәрүр. Алдымызда жасларға тәрбия бериў, психология ҳәм басқа да түрли тараўларда кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаў бойынша ўазыйпалар турыпты," - деп көрсетип өткен еди Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёев [1].

Әсиресе, баланың психикалық раўажланыўын, ондағы социаллық ҳәрекетлердиң қәлиплесип барыўы, олардың өз әтирапындағы адамларды сезимталлық эмоциалық дәрежеде тән алыў, оларды қабыллап түсиниўине байланыслы болады. Баладағы бул бурылыс өзгешеликлери оның әтирапындағылар менен қарым–қатнасының активлигине, байланысларының унамлы жақсы ямаса унамсыз, жаман болыўына байланыслы ҳәр түрли сыпатқа, түске ийе болады. Мине, усыған қарап бала менен ата – ана, қатарлары, басқа үлкен адамлар, оқытыўшылары менен өзин қалай сезиниўи, олардың тәсирин өзине синдириўи, үйрениўи ямаса керисинше қарсы болыўы, ҳәкисине ислеўи, унамсыз минез–қулықлардың себепшиси болады.

Әсиресе, киши мектеп жасында ямаса өспиримлерде өзине қатар-қурбы, жора – жолдас таңлаўда, олар менен унамлы қарым – қатнаста болыўына, олардан жақсы тәреплерди үйренип, тән алып, өзлестирип өзине синдирип барыўында ең алды менен, ата–аналардың шаңарақтағы балаға тәсири, ҳәрекетлери үлкен орын ийелейди. Бундай тәсирлерден баланың әтирапындағылар менен қатнаста: бала менен бала қатнасы, бала ҳәм үлкенлер, бала ҳәм ата – ана, бала ҳәм оқытыўшы машқалалары туўылады, булардың қандай болыўы ҳәм қандай бағдарда шешилиўине қарай бала психикасындағы өзгерислердиң жақсы жаман тәреплериниң қәлиплесип барыўы менен тиккелей байланыслы. Себеби, бала ол әйтеўир бир жүрген тири жан ғана емес, ал өсип барған сайын өзин аңлайтуғын, өзин басқалардан айыра алатуғын, салыстырып көре алатуғын, басқалардан алған тәсир түсиниклеринен өз қәлбине түрлише тербелис, толғаныў, кеширмелер пайда ете алатуғын, социалласқан актив тири жан есапланады. Буны ҳәр бир адам түсиниўи, тән алыўы, ол ҳаққында бәрқулла ойланыўы шәрт, бала қәлбине дақ, түсирип алмаўға тырысыўы лазым. Бундай қәтелерге жол коймаў ушын ең алды менен, баланың сизди шын қәлби менен тән алыўына, оның қәлбинде сизге деген исеними, жыллылық, берилгенлик, ҳақ нийетлилик, дәртлеслик сезимлерин оята алыўға ерисиўге ҳәрекет етиў- ҳәр бир адамның үлкенлердиң ўазыйпасы, парызы. Сиз бенен бала арасындағы бирге татыўлық, ҳүрмет, садықлық, ең қүдиретли шәрти ҳәм қуралы. Жоқарыда айтылған шәртлердиң шаңарақта, бақшада, мектепте қандай әмелге асырылыўына қарап, балаларда ең алды менен ата – аналарына, үйдеги үлкенлерге, ҳәтте, кишкене үкелерине, қатар – қурбыларына, оқытыўшыларға деген қатнасы, көзқарасы қәлиплесип, өзгерип барады. Бул мәселелерге ата–аналар мәсләҳәтинде, әсиресе олар менен өткерилетуғын сәўбет, педагогикалық ағартыўшылық жумысларында үлкен итибар берилиўи шәрт.

Ҳәр бир ата – ана сөзсиз өз перзентиниң жаман болғанын тилемейди. Деген менен, балаға меҳрибанлық, оны жанындай жақсы көриў нийетинен, ықлас-ҳәрекетлеринен гейде ҳәдден тысқары дәрежеге барып қалғанымызды өзимиз де сезбей қаламыз, бундайда бала қәлбинде унамсыз өзгешеликлер: менменлик, мийримсизлик, өзиниң айтқанынан қайтпас, өжетлик пайда болады, ал бул оның басқаларға да унамсыз қатнас жасыўына алып келеди. Буның да шеги болыўы, аңлап, ойланып ис алып барылыўы ақылға муўапық болады. Керисинше, балаға онша кеўил бөлмеў, оған бийпәрўа қараў, ҳәмме балаларын да бирдей көрмеў, баланы жекелендирип, өзине исенимсизлик, тартыншақ, кемкеўилликти пайда етеди. Сондай–ақ, қатты қоллылық та шектен тыс болса, жаман ақыбетлерге алып келеди. Шаңарақта үлкенлердиң де, кишилердиң де өз орны, өз ҳүрмети болсын: үлкенмен деп басым өткизиў,

бәрҳәма «мен ҳақпан, мениң айтқанымнан шықпайсаң» деўге де болмайды, баланың да адам екенин, оның да сизлердиң араңызда орны гиреўлилигин тән алыў, мойынлаў, оларды да түсиниўге ҳәрекет етиў керек. Бул жоқарыдағы қатнас орнатыўдағы тек ғана баланың өзин түсиниў емес, ал көп нәрселер баланың сизди түсиниўи, ямаса өз ата – анасын түсиниўине де байланыслы. Буның ушын ҳәр бир ата – ана ямаса оқытыўшы бала не ушын, не себептен ата – анасына ямаса сизге бундай қатнаста болыўының себеплерин излестириў, оны аңлаўға ҳәрекет етиўи орынлы [2].

Оқытыўшы, оқыўшы, ата – ана қатнастың орнатыўында адамлар арасындағы жас айырмашылық өзгешеликлери, соның менен бир қатарда ҳәр кимниң өзине тән индивидуал өзгешеликлердиң де тутатуғын орны бар. Бала кишкене бақша ўақтында үлкенлерден көп жағынан ғәрезли, оны абайлап – асырап өсириўге туўры келеди, олар үлкенлерге көбирек еликлейди, үйренеди, айтқан талапларды да үлкенлердиң айтқанына қарап ислеўге ҳәрекет етеди, үлкенлер абыройы оның ушын үлги ҳәм заңлы. Деген менен, оларды тәрбиялаўдың да өз жоллары, өз усыллары бар, олар есапқа алынған түрде ис көриледи. Бала жасының өзгериў менен оның психикасы да өзгерип, дүнья таныўы, өзин аңлаўы, қарым – қатнасқа түсиўи де өзгереди.

Киши мектеп жасындағыларда ойлаў, ақыл процесслери кеңейеди, түсиниклери артып, оқыўға барады, олардың алдына бираз қыйын талаплар қойылады. Олар оқыў билим үйрениў, тәртип сақлаў, әдеп – икрам өлшемлерине бойсынады.

Өспирим жасы, ерте жаслық дәўириниң де өз машқалалары бар. Бул дәўир, әсиресе, өспирим жасы «өтиў дәўири» деп аталады, өзиниң үлкейгенлигин сезиниў, сонлықтан өзине «кишкене бала ғой» деп қарамаўды, басқалар менен тең көриўди, оның менен есапласыўды талап етеди. Оларда өзинше ҳәрекетке умтылыў, излениў күшли физикалық, жынысый жақтан да өзгерислер болады, билимлерге, билгиси келетуғынлары да кеңейип басқаша түс алады. Үлкенлер менен көпшилик келиспеўшилик конфликтлер келип шығады. Сонлықтан да, бул дәўир балаларды жетик билиў, олар менен тең қатнас жасаў, олардың исенимин аңлаў, адамгершилигин ҳүрметлеў арқалы көп нәрселерге ерисе аламыз.

Ҳәр түрли жастағы балалар ҳәм оқыўшылар менен оқытыўшы қатнасының жақсы унамлы болып, бир – бирине исеним арқалы бир – бирин тән алыў тек ғана оқыўшының, баланың өзгешеликлерине ғана емес, ал муғаллимниң де жеке психологиялық өзгешеликлериниң қандай болыўына байланыслы болады. Оқытыўшы да адам, оның да өзине тән болған жеке өзгешеликлери бар. Оқытыўшының жеке өзгешеликлеринде де баланы өзине тарта алатуғын, бала кеўлин, қәлбин түсине алатуғын унамлы ҳәм унамсыз да өзгешеликлер гезлеседи. Әсиресе, оқытыўшының жеке өзгешеликлериндеги өз кәсибине, өз пәнине болған жетиклиги, сол билимлерди балаға шын кеўлинен, баланы билимли етиўге, сол арқалы оған өмирде өз орнын табыўға жәрдемлесиў, оған жақсылық, сүйиўшилик нийеттен ғана қатаңлық, талапшанлық тилейтуғыны балаға түсиникли, баланы өзине тартып отыратуғын шеберлик ҳәм билимлилик, баланы сүйсиндиретуғын адамгершилик, мәдениятлылық, мийирбанлық, әдеп–ҳадаллық белгилери сезилип, көзге тасланып турса ғана балалар оған берилгенлик, садықлық, ҳүрмет пенен қатнас жасайды.

Оқытыўшының жеке өзгешеликлериндеги оның сыртқы көринисинен жүрис–турысынан, басқаларға қатнас жасаў өзгешелигинен, адамларға деген сыйласығынан, мүриўбетлигинен, адамгершилиги, шын сөзлигинен, ҳақ нийетли кеўлинен, кишипейиллигинен, әдиллигинен, сүйкимли қатнас жасай алыўынан, өзине де, басқаларға да талапшаңлығынан, бир сөзлигинен, мийрманшылығынан билинип туратуғын әдеп-икрамлы, мәде-ниятлы, адамлар менен ашық сөйлесе алатуғынынан, адамға деген жақсылығынан, өз халқын, өз елине берилгенлигинен, жәмийет-шилигинен, пидайылығынан, минез – қулқынан билинип туратуғын жеке өзгешеликлер бала тәрепинен тез тән алынады, сондай болыўға умтылдырады, оған деген берилгенлик беккемленип барады. Оқытыўшылардағы бундай өзгешеликлер балалар ушын үлги болып, балалар бундай оқытыўшыларды шын қәлбинен ҳүрметлейди, олар менен ашылысып сөйлеседи, оннан ҳеш нәрсени, ҳақыйқатлықты жасырмайды, бундай оқытыўшылар оқыў-шылар менен тез түсинисе алады, оған қойған талапларын да балаға орынлатыўы аңсат болады. Бала менен ата – аналар арасындағы қатнастың да қайсы бағдарда барыўы, қандай ақыбетлерге алып келиўи де шаңарақтағы алды менен ата – ананың жеке басындағы жекелик, өзиншелик сыпатлардың өзгешеликлери, өзине тән тәреплери баланың ата – анасы ҳәм шаңарақтағы басқа ағзалары менен қатнастың қандай болыўына, шаңарақтағы улыўма психологиялық климатқа, шаңарақлық бирлесикке сыйласық–ҳүрметке өз тәсирин тийдиреди. Сонлықтан, ата–аналардағы өзгешелик-лерди де аңластырыў, билип үйрениўге кеўил бөлиў, баладағы унамлы өзгешеликлердиң әсиресе қарым – қатнастағы унамлылықты ямаса унамсыз ҳәдийселердиң, конфликт, қарама қарсылықтың, әсиресе өспирим ҳәм жаслардың шаңарақтағы шетлесип кетиўине, бир – бирин түсинисе алмаўының себепшиси болатуғынын ата – аналарға уқтырыў шәрт. Бул мектеп психологының консультатив хызметинде баслы орынды тутады. Бунда үлкен шеберлик, педагогикалық такт талап етиледи, әсиресе ата – аналар менен түсинисиў, енисиўге бағдарланған сөйлесиў, сырласыўлар өткерип турыў жүдә әҳмийетли.

Шаңарақта балалар менен болған қатнасықтың шийеленисиўиниң негизги себеплеринен бири балаларды, әсиресе, өспиримликке жетилесе баслағаннан кейин олардағы өзлериндеги үлкейгенлик, есейгенлик сыпатларын сезине баслаўын, енди оларды кишкене бала ғой, ҳеш нәрсени тусинбейди деп қараўын балалар жүдә аўыр қабыл етеди, ҳәтте қыйналатуғын дәрежеге жетеди, аўыр кеширмелерге берилетуғынлығын, усының нәтийжесинде, айырым өспиримлер үн-

демес, туйық, үйдегилерден шетлениў, басқа сырттан қосылған топарларға, ағымлардың тәсирине берилиў, олардың пикир ҳәм көз – қарасларын өзлерине сиңдирип, солардай болыўға умтылыў тенденциясы туўылады, мине усы тенденциядан бала ата – анасының қысымынан яки олардың ҳәдден тыс  кишкене баладай көрип ғамқорлық етиўинен арланатуғын болыўы да мүмкин. Сонлықтан  шаңарақтағы бундай аўҳалдан баланы қутқарыў ушын ата–аналар мәсләҳәти оларға үлкен жәрдем береди. Тилекке қарсы, көпшилик ата–аналар баладағы пайда бола баслаған бундай бурылысларды өзлери де сезбей қалады, кәте–кемшиликти өзлеринен де излестирмейди, балама тек  «жақсылық» етип атырман, - деген ойда болады, ал ҳақыйқатында бундай деп ойлаў балада ашыў, намыс сезимлерин оятып, өзинше ҳәрекет етиўине ийтермелейди, нәтийжеде бала қолдан шығып, сизлерден жатсыраўы да мүмкин.

Мектепте оқытыўшы, класс басшылары баладағы кери өзгерислердиң себебин үйрениўи, диагностикалық жумысларды әмелге асырыўы жақсы нәтийже береди. Баладағы өзгерис диагностикасы, ең алды менен, оқытыўшы, класс басшылары солар менен бирликте мектеп психологларының тиккелей ҳәм биринши гезектеги ўазыйпасы. Диагностика қойыўда мектептеги оқытыў, тәрбия ислерин алып барыўшы, оларды шөлкемлестириўши ҳәр бир адамның, олардың жеке ҳәм биргеликте ойласып, талқылаўдан, сын көзден өткерип алып барыўы, бир шешимге келип ис тутыўы арқалы ғана жумыс жүргизиўи жақсы нәтийже береди.

Сонлықтан мектеп психологлары диагностикалық жуўмақ шешимлердиң, нәтийжелерин педагоглар жәмәәти менен бирге талқылап, олар менен де белгили дәрежеде жумыс жүргизиўи, сәўбетлер өткериўи, пикирлесип ис көриўи ғана өз нәтийжесин береди.

**Әдебиятлар**

1. / «Халқ сўзи»  2017,16-январь, № 11.

2. Дубровина И.В. « Школьная психологическая служба». -М.: 1991.

3. Бурменская Г.В., Карабанова О.А., Лидерс А.Т. «Возрастно– психологическое консультирование». 1990. МГУ.

4. Жутикова Н.В. «Учителю о практике психологической  помощи». –М.: «Просвещение», 1991.

5. Адизова Т.М., Усманова Э.З. «Психологические трудности в обучении младших школьников». – Ташкент: 1995.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ўқитувчи – ўқувчи - оиланинг ўзаро муносабатига оид маслаҳатнинг долзарб муаммолари, боланинг ёш хусусиятларига характеристика, ижтимоий ривожланиш ҳолати, болада даврларга қараб етакчи фаолиятнинг ривожланиши, эмоционал ўсиш ва ўзини англашда ушбу учталикнинг тутган ўрнини аниқлашда диагностик ишларни амалга ошириш йўллари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье  рассматриваются актуальные проблемы консультирования по взаимоотношению учитель – ученик – семья  по вопросам психологического развития, обучения и воспитания детей. Даётся характеристика на возрастные индивидуальные особенности  их познавательной деятельности, социальное развитие и воспитание эмоциональных качеств личности. Анализируются вопросы по направлению диагностической  работы.

**SUMMARY**

The article deals with actual issues of consultation on relations of teacher, pupils, family on questions of psychological development, teaching and education of children. It gives the information about characteristics of age individual features of their cognitive activity, social development, education of emotional qualities of the person. Questions of the diagnostic work are also analyzed in the article.

## ВОПРОСЫ ПОДГОТОВКИ УЧЕБНИКА ПО НОВЕЙШЕЙ ИСТОРИИ КАРАКАЛПАКСТАНА ДЛЯ АКАДЕМИЧЕСКИХ ЛИЦЕЕВ

**Э.Кочкарова -** *магистрант*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар**: дарслик, Қорақалпоғистоннинг энг янги тарихи, умумтаълим мактаблари, академик лицей, коллеж, мустақиллик.

**Ключевые слова**: учебник, новейшая история Каракалпакстана, общеобразовательные школы, академический лицей, колледж, независимость.

**Key words**: textbook, the modern history of Karakalpakstan, comprehensive schools, academic lyceum, college, independence.

С момента издания учебника по истории Каракалпакстана для академических лицеев и колледжей под руководством академика С.К.Камалова прошло более десяти лет. Общенародная потребность в объективном взгляде на историю Каракалпакстана в период независимости ощущается всё более настоятельно. Естественно, создать учебник по новейшей истории Каракалпакстана- нелегкая задача. Особенность новейшей истории состоит в том, что она как бы опалена горячим дыханием современности. Современная история находится на перекрестке столкновения различных мнений.

Здесь необходимо учесть следующие моменты:

1. Новейшая история, с одной стороны, является историей обретения независимости и развития государства – Республики Узбекистан. По-